# Г.ШАМУРАТОВА ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ОБРАЗ ТИПОЛОГИЯСЫ

**Бекбергенова Мария Досбергеновна**
*Әжинияз атындағы НМПИ, туркий тиллер факультети,*
*қарақалпақ әдебияты кафедрасы*
*филология илимлери кандидаты, доцент*
*Bekbergenova53@mail.ru*
*Өзбекстан, Нөкис*

***Аннотация:*** Бул мақалада XX ҳәм XXI әсир қарақалпақ әдебиятының белгили ўәкили Г. Шамуратованың дөретиўшилигиндеги образ типологиясы ашып көрсетилген.

***Таяныш сөзлер:*** әдебий жөнелис, поэзия, типология, образ, проза, очерк, гурриңлер ҳәм т.б.

Г. Шамуратова XX ҳәм XXI әсир қарақалпақ әдебиятының белгили ўәкили, шайыр, журналист, жазыўшы, драматург. Ол 1937-жылы 22июнь куни Төрткул қаласында туўылған. Г. Шамуратова халқымыздың суйикли шайыры Әмет Шамуратов ҳәм қарақалпақ халқының бүлбүли атанған Айымхан Шамуратованың тунғыш перзенти.

Ол 1965-жылы қарақалпақ мәмлектлик педагогикалық институтының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факултетин питкерген. Мийнет жолын радиода хабаршы ҳәм диктор болып баслаған. Қарақалпақстан халық билимлендириў министирлигиниң муғаллимлер уйинде китапхана баслығы, соң «Қарақалпақстан жаслары» газетасында әдебий хызметкер, 1967-1983- жыллар аралығында республикалық телерадио комитетинде редактор болып иследи. Оннан кейинги жылларда Қарақалпақстан жазыўшылар аўқамында әдебиятты үгит-нәсиятлаў бюросының директоры ўазипасын атқарды.

Шайырдың қәлеминен дөреген «Гүллер ашылғанда» (1971), «Әрман» (1977), «Мийрим» (1982), «Звенящая струна» (1984), «Куштарлық» (1989), қосықлар топламлары менен «Қанлыкөл ўақыясы» (1991), пьесалар, инсценировкалар, гурриңлер жыйнағы, «Әмиў әпсанасы» (1996), «Меҳиргия сырласларым» (2001), «Кеўил туйғылары» (2004), «Мухаббат әпсанасы» (2005) китаплары басылып шықты.

Г.Шамуратова 1969-жылы Қарақалпақстан Республикасы жоқарғы кеңесиниң ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланған. 1991-жылы «Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген мәдeният хызметкери» ҳүрметли атағына ийе болды. Г.Шамуратова 1976-жылдан жазыўшылар аўқамының ағзасы.

Г.Шамуратова дәслепки қосықларын 50-жыллардың ақырыннан баслап жазған. Олар «Бахытлы жаспан» (1954) «Естелик» (1954), «Ғумша ашылғанда» (1956) топламларында басылып шыққан.

Г.Шамуратованың дөретиўшилиги арнаўлы түрде изертленбеген. Бирақ 60-70-80-жыллардағы улыўма қарақалпақ поэзиясын изертлеген илимпазлар Г.Шамуратованың әдебий жөнелистеги орнын белгилеп, қарақалпақ поэзиясына сыпатлама бергенде , шайырдың шығармаларының атларын атап көрсетеди.[6:143]

Г.Шамуратованың поэзиясында ўатан темасы, мухаббат, бахыт, шаңарақ, дослық, туўысқанлық, ата-ана, перзент, ҳаял-қызлар деген темаларға бөлинеди. Егер шайыра болса көбирек ҳаял-қызларға арнап жазған деп айтыў қубылыс көбирек ушырасады. Г.Шамуратова ҳаял-қызлардың образларын жаратыў менен бирге, ата-ана, перзент, азамат, яр ҳ.т.б. лирик қаҳарманларды сүўретлеў шебери. Г.Шамуратованың поэзиясында әдебий мийраслылық дастүри даўам етеди. XIX әсир қарақалпақ поэзясының классиги Әжинияз шайырдың «Ҳәр кимсениң яры болса….» деп аталған қосығы бар:

«Ҳәр кимсениң яры болса,
Қыялыны айтпай билсин,
Сөйлер сөзи болып шийрин,
Өзи турып, көзи күлсин.» [1:24]

Шайыр булл қосық қатарларында тусимпаз, ҳақ кеўил, ашық, ярды әрман етип жырлайды. Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т.Жумамуратов «Қостарлар» қосығында:

Жақсы болса қостарың,
Қәдирлейди таныстьı,
Жақын етер алысты.
Манат етер тийинды,
Базар қылар үйинди,
Аўырлықты қолдасқан,
Әрмансызсаң жолдастан.[2:82]

Г.Шамуратова «Мен ҳаялман» қосығында, усы тусимпаз, ақыллы ҳаял образын тусинигин қосық қатарлары менен жаратады:

Мен ҳаялман,
Он бармағым өнерли,
Алақаным гүл,
Мен өмирдиң арқаўын тоқыўшыман,

Кеўлиңизде не барын айтқызбай-ақ,
Қас-қабақтан оқыўшыман.[4:45]

Бул келтирилген қосық қатарларында шайырлардың жасаған яр образларында типологиялық жақынлықты көриўге болады. Шайырдың балалары бәри шайыр бола бермейди.

Шайыршылық ол иләҳый талант. Г.Шамуратованың ўатан, туўылған жер ҳаққында жазылған қосықларында «Туўған жер», «О, Ана жер», «Мениң елим», «Ўатаны суйыў», «Ўатан», «Халқыма», «Ўатан толғаўы», «Бул мәканди ўатан еткен бабалар» инсанның киндик қаны тамған туўған жерине, ана ўатанына суйиспеншилиги, жүрек сезимлери толып тасып жырланады:

Бахтымның бесигин тербедиң, ўатан,
Бул жаслық дәўраным гулленген ўатан,
Нур жайнатып жарқын келешегимди,
Бахыт ҳам шадлықты сен берген, ўатан.[4:12]

Шайыр поэзясындағы ел-журт, ана-ўатан туйғысы, ата-ана, дос-туўысқан, перзент меҳри, опалы яр ышқысы менен жасап атырған, өмирде ушырасқан тосқынлықлар менен қыйыншылықларды басын тик тутып жеңе билген, туўры сөзлы, ҳақ журекли, әдилликке жаны қумар лирик қаҳарманның кеўил туйғылары мысалында анық көремиз.
Г.Шамуратова мийрман перзент. Ол өзиниң ата-анасына, туўысқан туўғанларына арнап жазған қосықларында «Әкеме», «Ана берген ақ сутиңди ақлайман», «Алты қыз», «Қәбир басында», «Естелик», «Аже», «Айымгулге», «Анажан» перзентлик меҳир сезиледи.

Г.Шамуратованың қосықларында ҳәр биринде ҳаял жанының нәзиклиги, әсиресе өмирге куштарлық пенен ананың келбети жасалған. Шайырдың «Улыма тилек», «Балама», «Ана тилеги», «Азаматым қатарда турдың тайын», «Жаны аман болғай жалғыз баламның» қосыкларында ананың перзентке болған меҳир-муҳаббатының шексизлиги ҳәм ана баўырының, ана қәлбиниң кеңлигин сыпатлап береди.

Шайырдың поэзялық топламларына кирген қайсы қосығын оқып қарасақта тумыстың ашшы-душшысы татқан ҳәм мол тәжирийбеге ийе инсанның кеўил-кеширмелери менен жақыннан танысамыз. Бул қосықлардың идея-тематикасында ел қәдирин, жер қәдирин, ана тәбият қәдирин терең тусинген ҳәм туўған-туўысқан, дос, перзент, өмирлик қостар, ҳәттеки күнде көрип жүрген кеўлине жақын адамлар ҳаққында толып-тасып жырлаған талант ийесиниң ҳаўазы сезилип турады. Мәселен,

Г.Шамуратованың «Кеўлиме жақын кисилер», «Қоңсың тыныш, сен тыныш», «Қыянетлик күни қоңсыдан», «Жақсы қоңысыны сатып ал», «Қоңсы қоңысыдан тәлим алады» қосықларында адамлар арасындағы жақсы қарым-қатнаслар үлкен поэтикалық руўхта жырланған. [4]

Г.Шамуратованың поэзиясында дослық темасы кең сөз етилген. XX әсирдиң 60-70 жылларында барлық Республикаларда мәдений ҳәм әдебий күнлери болып туратуғын еди. Г.Шамуратованың поэзиясы усы тарийхый ўақыяларды «Ташкентли курдасыма», «Атамды көрген адамға», «Тәжик қызына», «Сәлем Сырдың ели саўлатлы мәкан», «Ағайин», «Домбыра», «Қазан жаппай», «Татарстан қызларына», «Халимаға хат» ҳәм тағы басқа лирикалық қосықларында сәўлелендирген.

Шайыр Г.Шамуратованың дөретиўшилиги кең диапазонлы. Ол тематикалық жақтан рәң-бәрең лирикалық қосықлары менен «Қыз дәўириниң күнделигинен», «Ана мийрими», «Шыңқобыз сыр шертеди» қосықлар дүркинин ҳәм «Журектеги шер», «Мухаббат әпсанасы» поэмаларын дөретти. «Ана мийрими» дүркининде автор өзин өсирип камалға келтирген кемпир апасының мийрим толы келбетин шебер көрсеткен. Шайырдың «Жүректеги шер» поэмасында ўақыялар лирик қаҳарманды ойға салып толғандыраған. Поэманың «Түс. Әкем менен сырласыў» бөлиминде өмирден ерте кетсе де изинде халық ушын ийгиликли из қалдырған әкеси Ә.Шамуратов пенен руўхый сәўбет бериледи.

« Түс. Бабам айтқан нәсият» деп аталған екинши бөлиминде шайырлық деп аталған иләҳий туйғыға берилген инсанның ишки толғаныслары терең сәўлеленген. Шайыр өз ойлары менен руўхый кеширмелерин бабасы менен болған жанлы сәўбети мысалында оқыўшыға шебер жеткере алған.[5:243]

«Мухаббат әпсанасы» поэмасында өтмиштеги бир инсанның мухаббаты ҳаққында терең лиризм менен сөз етеди. Онда ҳаял адамның өз суйгенине болған опадарлығы менен садықлығы, миллий дәстүримизге болған ҳүрмет сезимлери жоқары дәрежеде суўретленген. Бул поэма қаҳарманларының басып өткен өмир жоллары арқалы дүньяда ҳаял муҳаббаты менен садықлығынан, төзимлиги менен шыдамлығынан күшли ҳеш нәрсе жоқ екенлигин исендиреди.

Г.Шамуратова мухаббат темасына жазған қосықлары «Кел муҳаббат», «Көзиң», «Сен келмедиң», «Излепсиз мени», «Әй мухаббат, мухаббат», «Мухаббат», «Сен бар жерде», «Саясында екеў едиң ақ талдың» қандай

қыйыншылықлар болса да, ҳаял-қызлардың сүйгенине садық, ҳадал ҳәм пәк жасаўға шақырады. Мәселен «Жаслық ҳаққында» қосығында:

Жақсы ерди суйсең кеўлиң кәнт болар,
Бийопаның дәрти жаман пәнт болар,
Қумар көздиң леби шекер-қант болар,
Суйсең жақсыны сүй әрманың болмас.[3:15]

Г.Шамуратова көпшилик қосықларына композиторлар тәрепинен намалар жазылды: «Қарақалпақ қызларынан әссалам», «Туўған жер», «Ышқыңдаман», «Жаным кимди жақсы көресең» ҳ.т.б. Булл қосықлар сезим сулыўлығы, айрықша йош, заўық бағышлайды.

Г.Шамуратова прозаик. Оның очерклери ҳәм гурриңлери «Хош бол, Анахита», «Эҳ мухаббат, мухаббат», «Меҳригия сырласларым», «Өскен уям» «Қара жерди қайра-қайра баспаған соң», «Еркетай апамның гүрриңи», «Өмирге куштарлық», «Ел қәдири», «Хат», «Шейит басындағы шырақ» .ҳ.т.б. Бул прозалық шығармаларда журналистлик стиль басымырақ болып келеди. Автор қаҳарманлардың келбетин, олардың портретин жасаўда турмыслық фактлерди көбирек келтиреди. Соның менен бирге Г.Шамуратова драма жанрында да қәлем тербеткен. Оның «Қанлыкөл трагедиясы», «Солдат жесири», «Шәпик мерген», «Шәрияр» пьеса ҳәм инсценировкалары белгили.

Жуўмақлап айтқанда, Г.Шамуратованың дөретиўшилиги жанрлық формаларға, көркем образларға, жаңа темаларға бай ҳәм көп қырлы тәреплери менен китап оқыўшыларын өзине тартады ҳәм әдебияттаныў илиминиң изертлеў мәселелериниң бири болып табылады.

**Әдебиятлар:**

1. Әжинияз Шығармалары. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2014.
2. Т. Жумамуратов Өмириңниң өзи философия. Нөкис «Қарақалпақстан», 2005.
3. Г. Шамуратова Кеўил туйғылары. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2004.
4. Г. Шамуратова Шығармалары. I-II том. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2015, 2016.
5. Ә. Пахратдинов, К.Алламбергенов, М.Бекбергенова XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011.
6. Қ. Оразымбетов Таңламалы шығармалар топламы. Еки томлық. I том. Нөкис: «Билим», 2018.